



Sibvansyon Global Developman Kominotè- Mitigasyon (CDBG-MIT)

*Depatman Opòtinite Ekonomik Florid
Biwo Rekiperasyon Dezas*



- Entwodiksyon
- CDBG-Apèsi Mitigasyon
- Kominote ki Kalifye yo
- Developman Plan Aksyon Eta a
- Aktivite ki kalifye e ki pa kalifye pou finansman
- Kesyon yo Poze Souvan
- Kòmantè Piblik/ Seson Kesyon & Repons
- Konklizyon

OBJEKTIF ATELYE PIBLIK CDBG-MIT

- Bay plis enfòmasyon sou pwogram CDBG-MIT, devlopman Plan Aksyon Eta a, pwochen etap yo ak plis ankò.
- Rasanble fidbak ak opinyon sou priyorite lokal yo nan itilizasyon finansman CDBG-MIT.

Depatman Opòtinite Ekonomik Florid

- Patnè Leta nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini(HUD) (HUD)
- Administre plizyè pwogram sibvansyon HUD, ki gen ladan Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè (CDBG)

Biwo Rekiperasyon Dezas

- Administre prèske \$ 900m nan CDBG - Finansman Rekiperasyon Dezas pou siklòn Hermine, Mathew ak Irma
- Preparasyon pou \$ 448M nan CDBG yo pwomèt men yo pokò bay - Rekiperasyon Dezas pou Siklòn Michael
- Ak CDBG - Mitigasyon

HUD MITIGASYON DEFINISYON

“Aktivite sa yo ki ogmante rezistans nan dezas yo epi redwi oswa elimine risk alontèm pou pèdi lavi, aksidan, domaj ak pèt pwopriyete, ak soufrans ak difikilte, nan diminye enpak nan dezas nan lavni.”

— Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini



- Fon ke yo te orijinalman anonse: Avril 2018
- Repatisyon Florid: \$633,485,000
- Avi Rejis Federal Pibliye: 30 Out 2019
- An total, 51 Komin nan Florid elijib pou finansman CDBG-MIT.
 - Akòz dezas 2016 ak 2017 (Siklòn Hermine, Matye, ak Irma)
- Plan aksyon Leta CDBG-MIT akòz HUD: **3 fevriye 2020.**
- Leta gen 12 lane pou depanse tout finansman CDBG-MIT.

KALANDRIYE CDBG – MIT

Faz
1

Elaborasyon Plan Askon

- Pwojè Plan Aksyon
- Sansibilizasyon Patnè Kominote yo
- Peryòd Kòmantè Piblik
- Soumèt Plan Aksyon bay HUD

Faz
2

Konsepsyon Pwogram nan

- Aktive Komite Konsilitatif pou Sitwayen
- Devlope Règleman ak Pwosedi yo
- Konsepsyon Aplikasyon pou Pwogram yo
- Devlope Kritè pou fè nòt yo

Faz
3

Peryòd Aplikasyon

- Louvri Peryòd Aplikasyon
- Aplikan Asistans teknik
- Nòt Aplikasyon
- Rekonpans yo Anonse

Faz
4

Enplemantasyon

- Finansman Prim
- Egzekite Akò Sibvansyon
- Asistans teknik
- Siveyans


Sansibilizasyon Pwogresif Pati Konsene yo

FR-6109-N-02

30 out, 2019


CDBG-FINANSMAN MIT

- Omwen 50% nan fon yo dwe depanse nan bezwen alèjman zòn (MID) ke HUD-deziyen ki pi afekte ak an detrès
- Lajan ki rete yo ka depanse nan zòn (MID) Eta deziyen ki resevwa plis enpak ak detrès
- 50% depans minimòm pou benefisyé kominote (LMI) ki gen revni ba-rivemodere yo
- 50% minimòm finansman obligatwa pou depanse nan 6 zan
- 100% dwe depanse nan 12 zan




HUD ZÒN (MID) KI PI ENPAKTE AK AN DETRÈS

- **Komin MID ke HUD-deziyen:** Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Johns, St. Lucie, and Volusia counties;
- **ZIP Kod MID ke HUD-deziyen:** 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 32068, 33935, and 34266.



ZÒN (MID) KI PI ENPAKTE AK AN DETRÈS LETA

- **Komin MID ke Leta-deziyen :** Alachua, Baker, Bradford, Charlotte, Citrus, Columbia, DeSoto, Dixie, Flagler, Gilchrist, Glades, Hamilton, Hardee, Hendry, Hernando, Indian River, Lafayette, Lake, Leon, Levy, Manatee, Marion, Martin, Nassau, Okeechobee, Pasco, Pinellas, Putnam, Sarasota, Seminole, Sumter, Suwannee, Taylor, Union, Wakulla.



PLAN AKSYON CDBG-MIT

- DEO Pral dirije efò eta a pou kreye Plan Aksyon Eta ki obligatwa federalman
 - Ofri yon estrateji wo nivo sou kijan yo pral itilize finansman an pou adrese bezwen alèjman dezas kominote ki kalifye yo.
 - Pral devlope an patenarya avèk patnè leta ak patnè lokal ki enplike nan efò mitigasyon ak rezistans.
- **Plan Aksyon an gen pou fini 3 fevriye 2020**
 - Kòmantè Piblik = 45 jou
 - Revizyon HUD = 60 jou apre yo soumèt
- **Kondisyon**
 - Evalyasyon ki baze sou Bezwen Risk
 - Estrateji Patisipasyon Kominotè
 - Aktivite ki kalifye ak ki pa kalifye yo

CDBG –KALANDRIYE ELABORASYON PLAN AKSYON MITIGASYON



PLAN AKSYON CDBG-MIT

- Evalyasyon Kontwol Dega
- Planifikasyon alontèm ak konsiderasyon pou diminye risk yo
- Koneksyon nan pwogram mitigasyon ak pwojè risk yo idantifye
- Priyorite revni-ki ba-ak modere
- Kowòdinasyon nan pwojè mitigasyon ak ranfòsman
- Plan pou minimize deplasman epi asire aksèsibilite
- Kantite lajan maksimòm, asistans nesesè, ak rezonab
- Enfrastrikti natirèl
- Estanda Konstriksyon
- Plan operasyon ak antretyen
- Verifikasiyon pri
- Kòd konstriksyon ak planifikasyon mitigasyon danje

EVALYASYON BEZWEN MITIGASYON KI BAZE SOU RISK

EVALYASYON BEZWEN MITIGASYON KI BAZE-SOU RISK

- Adrese risk aktyèl ak fiti yo ke yo idantifye nan zòn ki pi afekte ak an detrès yo
- "... dwe kantitativman evalye enpak siyifikatif potansyèl ak risk danje ..."
- Yo dwe itilize Plan Eta pou Diminye Danje a(HMP) nan evalyasyon risk yo. "Sibvansyon yo dwe fè referans ak plan sa yo epi endike kijan plan pou diminisyon FEMA te enfòme sou risk yo idantifye nan Evalyasyon Bezwен Kontwol Dega yo."
- Kòm bezwen alèjman yo ap evolye sou tan epi kondisyon yo chanje, yo pral soumèt amannman nan evalyasyon inisyal la.
- Sèt Liy Sekou Kominotè pou Rediksyon Risk

EVALYASYON BEZWEN MITIGASYON KI BAZE-SOU RISK :DANJE

Evalyasyon risk la bay **baz reyèl** pou aktivite yo pwopoze nan estrateji mitigasyon ki pral diminye pèt nan danje yo idantifye yo. Li fè **yon koneksyon klè ant frajilite a ak aksyon yo pwopoze yo pou diminye danje**.

- Inondasyon
- Siklòn / Tanpèt Twopikal
- Tanpèt grav
- Ewozyon kotyè
- Dife Forestyal

Liy sekou kominotè yo pèmèt **operasyon kontinyèl** nan fonksyon gouvènman an ak biznis kritik e li esansyèl pou **sante ak sekirite moun** oswa sekirite ekonomik. Nan evalyasyon risk nou yo, **idantifye twou vid ki genyen ak frajilite** nan sèvis kritik sa yo pral enfòme estrateji pou mitigason nou an.

EVALYASYON BEZWEN MITIGASYON KI BAZE-SOU RISK

Pwoteksyon ak Sekirite	Manje, Dio, Abri	Sante a Medikal	Enèji	Kominikasyon	Transpòtasyon	Materyèl danjere
Aplikasyon lalwa /Sekirite	Manje	Swen medikal	Kouran	Enfrastrikti	Otowout/Wout	Etablisman
Rechèch ak Sekou	Dlo	Mouvman Pasyan	Gaz	Alèt, Avètisman, ak Mesaj	Transpò Piblik	Sit-ki-pafiks
Sèvis Ponpye	Abri	Sante Piblik	911	911 ak Delegasyon	Wout tren	
Sèvis Gouvènman yo	Agrikilti	Jesyon fatalite		Repondè Kominikasyon	Aviyasyon	
Sekirite Kominotè	Chèn Pwovizyon pou Medikal			Sèvis finansye	Maritim	

Efò Entè-ajans

- “... dwe konsilte avèk lòt jiridiksyon, sektè prive a ak lòt ajans gouvènman yo, ki gen ladan ajans jesyon ijans leta ak lokal ki gen responsabilite prensipal pou administrasyon fon mitigasyon FEMA, ki gen ladan Ofisye Kontwol Dega Eta (SHMI), pou aliyman HMGP.”
- “dwe itilize risk yo idantifye nan FEMA ke HMO apwouve kòm pwen depa pou Evalyasyon Bezwен Mitigasyon yo”
- “Si se kounyeya yon jiridiksyon a mete ajou yon HMP ekspire, ajans benefisyè kap administre fon CDBG-MIT yo dwe konsilte avèk ajans kap administre aktyalizasyon HMP yo idantifye risk yo pral enkli nan Evalyasyon Bezwен Mitigasyon yo.”

PATISIPASYON SITWAYEN YO

PATISIPASYON SITWAYEN YO

- Nan mwa me 2019, DEO te lanse sondaj CDBG-MIT pou jenere fidbak nan kominote Florid yo konsènan bezwen ak priyorite mitigasyon yo.
Toujou disponib nan RebuildFlorida.gov
- Atelye rejyonal ki gen pou fèt nan zòn MID yo.
- Mizajou regilye pwogram nan seminè sou entènèt, konferans apèl ak anpil imèl.
- Piblikasyon plan aksyon ak opòtinite pou kòmantè piblik la
- Aksè siyifikatif Kòmantè piblik pou moun LEP
- Dwe fè plan aksyon an ak nenpòt amannman aksesib sou entènèt

PATISIPASYON SITWAYEN YO - KOMITE KONSÈY SITWAYEN

- Aprè yon plan aksyon apwouve, DEO “dwe fòme youn oswa plis komite konsiltatif sitwayen ki dwe reyini nan yon fowòm louvri pa mwens pase de fwa chak ane yon fason pou yo bay gwo transparans nan aplikasyon nan fon CDBG-MIT yo, pou solisite ak reponn a kòmantè ak opinion piblik konsènan sibvansyon aktivite mitigasyon yo epi tou sèvi kòm yon fowòm piblik kontinyèl pou enfòme kontinyèlman pwojè ak pwogram sibvansyon CDBG-MIT yo.”

AKTIVITE KI KALIFYE YO

AKTIVITE KI KALIFYE YO- ENFRASTRIKTI

- Envestisman rejyonal nan rediksyon risk nan danje pou devlope enfrastrikti-rezistan-pou dezas
- Dlo, egou, dechè solid, komunikasyon, enèji, transpò, sante ak medikal, ak lòt enfrastrikti piblik pou adrese risk espesifik yo idantifye
- Enfrastrikti Izaj-miltip
- Developman enfrastrikti mitigasyon vèt oswa natirèl

AKTIVITE KI KALIFYE YO- PLANIFIKASYON

- "Devlopman kòd konstriksyon modènize ak fleksib ak plan itilizasyon tè."
- "Entegrasyon nan planifikasyon mitigasyon ak lòt devlopman kominotè lokal ak reyjonal, itilizasyon tè ak lòt plan"
- "Mizajou kat, done, ak lòt kapasite yo pi byen konprann risk potansyèl dezas ki konsène."
- Plan ki kalifye yo
 - Plan lokal ak reyjonal fonksyonèl pou itilize tè yo
 - Plan direktè
 - Plan prezèvasyon istorik
 - Plan konplè
 - Plan rekiperasyon kominotè yo
 - Plan detèminasyon
 - Devlopman kòd konstriksyon yo
 - Odònans dekoupaj an zòn
 - Plan katye yo

AKTIVITE KI KALIFYE YO- CDBG-MIT KÒM KORESPONN

- Ranpli kondisyon ki koresponn, aksyon, oswa kontribisyon pou lòt pwogram Federal
 - Ki gen ladann FEMA ak*USACE
 - Pwojè Federal maksimòm USACE se \$250,000

AKTIVITE KI PA KALIFYE YO

- Finansman pou konstriksyon yo itilize pou fonksyonman jeneral gouvènman an
- Sèvis Entèvansyon pou Ijans yo (ERS)
 - Fon yo **ka** itilize pou amelyore fleksibilite etablisman yo
- Peman fòse ipotèk
- Elajisman nan baraj oswa dig pi lwen pase konsepsyon orijinal yo
- Asistans pou sèvis piblik prive



KONSIDERASYON ADISYONÈL YO

- Ankouraje planifikasyon lokal ak reyjonal alontèm ak aplikasyon (ki gen ladan devlopman ak ranfòsman nan kòd konstriksyon)
- Ankouraje kowòdinasyon ak ogmante lajan
- Ankouraje enfastrikti natirèl
- Asire estanda konstriksyon yo
- Dekri plan pou operasyon alontèm ak antretyen
- Asire ke depans konstriksyon yo rezonab



KESYON YO POZE SOUVAN

K: Ki antite ki pral kalifye pou aplike pou finansman CDBG-MIT?

R: DEO toujou nan pwosesis pou kreye Plan Aksyon an, sepandan nou antisipe gwoup prensipal aplikan nou an pou enkli inite gouvènman lokal ak reyonal yo.

K: Kilè aplikan ki kalifye yo ta ka gen aksè reyèlman ak sibvansyon lajan?

R: Enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an ap afiche apre HUD apwouve Plan Aksyon Eta a. Plan Aksyon Eta dwe rive jwenn HUD avan 3 fevriye 2020.

K: Ki sa kondisyon 50% LMI la ye?

R: Detèminasyon 50% LMI la se yon kondisyon Federal pou atribisyon finansman an jeneral. DEO dwe administre mwatye nan \$ 633 milyon dola bay zòn LMI yo.

K: Èske gen yon kantite lajan maksimòm ke yon ajans ka mande pou sèl yon pwojè?

R: Montan maksimòm pwojè yo pral dekri nan Règleman nou yo ak dokiman Pwosedi ki pral devlope apre apwobasyon HUD nan plan aksyon an. Yon fwa nou gen plis enfòmasyon sou kantite lajan espesifik, n ap voye komunikasyon konsènan tout detay enpòtan yo.

KOMMANTÈ PIBLIK / SESYON KESYON & REPOSNS

- Siw vle fè yon kòmantè oswa poze yon kesyon, tanpri ranpli yon kat kòmantè piblik epi remèt li bay nenpòt anplwaye DEO. Lè sa a, nou pral mande patisipan yo vini pou prezante epi fè yon kòmantè oswa poze yon kesyon.
- Sitwèb: RebuildFlorida.gov
- Sondaj Mitigasyon : RebuildFlorida.gov
- Imel: cdbg-mit@deo.myflorida.com

Pou aprann plis sou Biwo Rekiperasyon Dezas DEO ak pwogram ki disponib pou
kominote ki afekte nan katastwòf yo, vizite :

www.RebuildFlorida.gov

